



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE 4 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU FÒMASYON AK DEVLOPMAN MENDÈV POU ENÈJI EWOLYÈN OLAJ ZÒN KOT**

***Apwobasyon prim nan dezyèm faz Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la pou uit pwogram ki dirije pa kanpis SUNY k ap prepare Elèv pou karyè nan endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot k ap emèje a***

***Bati sou premye faz sibvansyon Gouvènè Hochul te anonse nan mwa me 2023; An total, yo te bay 8 milyon dola pou 28 sibvansyon Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la atravè kanpis SUNY yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dezyèm faz prèske 4 milyon dola nan sibvansyon Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Training Institute, OWTI) yo akòde pou devlopman mendèv. Finansman an sipòte uit pwogram ki dirije pa kanpis Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) dirije ki fèt pou prepare etidyan yo pou karyè nan endistri enèji ewolyèn sou zòn kot k ap emèje sa a. Pwogram ki genyen yo pral elaji inisyativ devlopman ak fòmasyon mendèv pou pravay nan konstriksyon, faktori, enstalasyon, operasyon, ak antretyen fèm enèji ewolyèn olaj zòn kot yo. Gouvènè Hochul te deja [anonse](#) premye faz 4 milyon dola pou sibvansyon Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la an me 2023. An total, yo te bay 8 milyon dola pou 28 sibvansyon atravè kanpis SUNY yo

"Pandan Eta New York ap kontinye dirije nasyon an nan tranzisyon nou an nan enèji pwòp, Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la ap ede asire mendèv eta nou an prepare pou ranpli djòb nou bezwen pou atenn objektif enèji solid nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè pwogram sibvansyon sa a, nou ap ekipe elèv yo ak zouti yo bezwen pou ranpli djòb enèji pwòp nan tan k ap vini yo epi bati yon New York ki pi vèt pou jenerasyon k ap vini yo."

20 milyon dola OWTI a te lanse an 2020 an kolaborasyon ak Farmingdale State College SUNY an ak Stony Brook University ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou fè avanse pwogram fòmasyon sou enèji ewolyèn bò lanmè ak enfrastrikti edikasyon ki nesèsè pou etabli yon mendèv kalifye ki ka sipòte endistri enèji ewolyèn nasyonal bò lanmè k ap emèje a. Enkli faz sa a, OWTI te bay 8 milyon dola pou 28 sibvansyon

distribye nan tout sektè ak rejyon nan sistèm SUNY an ak prim endividyèl jiska 500,000 dola.

Nan dezyèm faz sa a, yo te bay sibvansyon nan 12 pwogram nan uit kanpis SUNY ki gen ladan: **University at Albany, University at Buffalo, Farmingdale State College, Hudson Valley Community College, SUNY Morrisville, SUNY Oneonta, SUNY Polytechnic Institute**, ak **Stony Brook University**.

Yo te mande aplikan yo pou yo aplike nan youn oswa plizyè "domèn konsantrasyon priyorite", ki gen ladann elaji pwogram SUNY ki egziste deja ki gen rapò ak enèji ewolyèn olaj zòn kot; reponn ak bezwen fòmasyon rapid ak sible; ak abòde baryè admisyon to. Pwopozisyon yo te adrese bezwen ekite, sansibilizasyon alontèm pou jèn etidyan yo, efò kominotè pou ogmante konsyantizasyon, ak patenarya ak sektè ki konekte oswa ki adjasan yo.

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare**, "Pou atenn objektif klimatik Prezidan Biden ak Gouvènè Hochul fikse, mendèv enèji ewolyèn olaj zòn kot la bezwen grandi anpil pandan plizyè ane k ap vini yo. Se la SUNY ak Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la antre nan jwèt la lè yo devlope pwogram pou prepare mendèv ki gen anpil konpetans, ki gen anpil demann lan, ki pral alimente avni enèji dirab New York la. Tout pwojè sa yo reprezante pwogrè enpòtan SUNY ap fè nan direksyon pou avanse objektif klimatik Eta New York yo."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare**, "Ak premye pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot New York la k ap kòmanse bay enèji pwòp, moman an kounye a se pou elèv yo resevwa edikasyon ki nesesè pou entegre nouvo endistri enteresan sa a. Sistèm SUNY an se yon poto nan sistèm edikasyon siperyè eta a, epi lè li pote opòtinite fòmasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot sa yo nan plis kanpis SUNY, Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la ap rann pwogram modèn sa yo pi aksesib pou moun k ap jwe yon wòl kle nan revolisyon enèji pwòp la."

**Prezidan Farmingdale State College lan ak Direktè Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la, Doktè John S. Nader, te deklare**, "OWTI souliye plas santral SUNY nan pwomosyon kwasans ekonomik dirab nan Eta New York. Prim yo bay prèske yon douzèn kanpis SUNY pral ede prepare elèv yo ak pwofesyonèl k ap travay yo pou karyè nan endistri enèji ewolyèn k ap emèje a. Nou rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul nan OWTI ak angajman li pou avanse opòtinite edikatif nan domèn enèji vèt la."

**Prezidan Stony Brook University, Maurie McInnis, te deklare**, "Pandan preparasyon yon mendèv enèji ewolyèn olaj zòn kot ki trè kalifye rete yon pi gwo priyorite pou Stony Brook, nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou sipò vizyonè li pou akselere kwasans ki nesesè pou yon gwoup talan konpetan nan enèji ewolyèn. An patenarya ak Rektè King, kolaboratè SUNY nou yo, NYSERDA ak lidè eta yo, nou prevwa akselere efò sa yo pou ede pote SUNY devan jefò kolektif New York ap fè kont chanjman klimatik."

Stony Brook ak Farmingdale ansanm yo administre epi bay sipò teknik pou OWTI a, lè yo sèvi avèk òf pwogram mendèv yo ki byen etabli, ki bay diplòm epi ki pa gen kredi, ansanm ak inisyativ mendèv enèji pou renouvlab ki konsantre sou New York yo a. Pwojè a ap sipèvizè pa yon konsèy kowòdinasyon ki konpoze ak reprezantan kolèj SUNY yo ansanm ak ajans ak òganizasyon eta ak lokal yo ki angaje nan bati ak prepare yon mendèv ak yon gwoup talan pou travay nan domèn enèji ewolyèn olaj zòn kot la.

OWTI a, ansanm ak NYSERDA, te konstwi yon rezo alyans akademik, kominotè, ak endistri ak travay alyans ki pral prepare jiska 25,000 Nouyòkè pou karyè nan domèn enèji renouvlab yo. Nan travay an kolaborasyon pou avanse devlopman teknoloji enèji ewolyèn olaj zòn kot la, Enstiti a prevwa travay an sinèji ak Konsòsyòm Nasyonal pou Rechèch ak Devlopman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot (National Offshore Wind Research and Development Consortium), ki sitiye nan Stony Brook ak sipòte pa NYSERDA, ak Detman Enèji Ameriken an ak Sant Dirabilite pou Enèji Renouvlab nan Farmingdale.

### **Prezantasyon State University of New York**

State University of New York, ki te selebre 75yèm anivèsè li an 2023, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 kilomèt (30 miles) de youn nan nenpòt nan 64 fakilte ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl fakilte optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418